



Pou Piblikasyon Imedya: 12/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO REKÒ NAN CHIF TÈS COVID-19 YO TE
REPÒTE BAY ETA NEW YORK**

102,925 rezilta tè s yo te rapòte yè bay Eta New York

***0.82 pousan tè s pou COVID-19 yè yo te pozitif; 36 jou dafile avèk to enfeksyon yo
anba 1 pousan***

Eta New York te distribye 6 milyon boutèy dezenfektan pou men pwòp NYS

***2 ka lanmò akòz COVID-19 nan Eta New York yè; yo pa rapòte okenn lanmò nan
NYC***

***SLA ak Fòs Entèkansyon Lapolis Eta a Vizite 1,359 Etablisman; Obsève 4
Etablisman ki Pa Konfòm***

***Konfime 849 ka kowonaviris adisyonèl nan Eta New York - sa ki fè kantite total
nan tout Eta a rive 443,640; gen nouvo ka nan 50 Konte***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon nouvo chif rekò pou rezilta tè s—102,925—ke yo te rapòte bay Eta New York yè. To enfeksyon 0.82 pousan yè yo te make 36yèm jou dafile avèk yon to enfeksyon anba 1 pousan. Yo pa te rapòte okenn ka lanmò nan Vil New York yè. Chif nouvo ka yo, pousantaj tè s ki te pozitif yo ak anpil lòt pwèn done itil yo toujou disponib nan [forward.ny.gov](https://www.forward.ny.gov).

"Tè s yo se yon pilye nan efò nou yo pou kontinye kenbe Nouyòkè yo an sekirite anba COVID-19. Plis ou fè tè s, plis ou ap genyen yon foto ki kòrèk sou pwopagasyon viris ou genyen an", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Chif tè s rekò yè yo ede Eta a pran desizyon ki byen enfòm pou pwoteje byennèt Nouyòkè yo, epi ede yo pran desizyon ki byen enfòm pou tèt yo. Men tè s yo sèlman pa sifizan, epi nou bezwen rezidan yo kontinye pote mask, kenbe distans sosyal ak lave men yo. Nou pral travèse sitiasyon sa a ansanm, men antretan nou dwe rete New York Solid (New York Tough)."

Gouvènè a te anonse tou Eta New York te distribye 6 milyon boutèy dezenfektan pou men pwòp NYS. Atravè pandemi an, yo te bay dezenfektan pou men gratis pou etablisman swen sante yo, ajans gouvènman yo, bank alimantè yo, lekòl yo, inivèsite yo, lojman piblik yo, transpò piblik, prizon yo, premye sekouris yo, travayè premye liy yo, ak tanp adorasyon yo, pami lòt.

Yè, Otorite Alkòl Eta a (State Liquor Authority, SLA) ak Fòs Entèkansyon Lapolis Eta a (State Police Task Force) te visite 1,359 etablisman nan Vil New York ak Long Island epi li te obsève 4 etablisman ki pa te an konfòmite avèk egzijans Eta a. Yon repatisyon nan vyolasyon yo obsève yè nan konte anba la a:

- **Brooklyn** - 1
- **Staten Island** - 1
- **Nassau** - 1
- **Suffolk** - 1

Enfòmasyon jodi a yo rezime an brèf anba la a:

- **Kantite Pasyan Ki Ospitalize** - 467 (-7)
- **Pasyan ki Fèk Entène nan Lopital** - 58
- **Lopital Konte yo** - 34
- **Kantite ICU** - 127 (+7)
- **Kantite ICU nan entibasyon** - 51 (-3)
- **Kantite Moun Total Yo Voye Lakay yo** - 75,707 (+58)

Sou 102,925 tès pozitif yo te repòte nan Eta New York yè yo, 849, oswa 0.82 pousan, te pozitif. Pousantaj rezilta tès pozitif chak rejyon yo pandan twa dènye jou yo repati konsa:

REJYON	MÈKREDI	JEDI	VANDREDI
Capital Region	1.4%	1.2%	1.0%
Central New York	1.0%	1.3%	0.7%
Finger Lakes	1.0%	1.1%	0.9%
Long Island	1.0%	1.3%	1.4%
Mid-Hudson	1.1%	1.2%	0.9%
Mohawk Valley	0.4%	1.0%	0.8%
New York City	1.0%	0.7%	0.7%
North Country	0.2%	0.2%	0.1%
Southern Tier	0.4%	0.7%	0.4%
Western New York	1.2%	1.5%	1.5%

Gouvènè a te konfime tou 849 nouvo lòt ka kowonaviris adisyonèl, sa ki bay yon total 443,640 ka ki konfime nan Eta New York. Nan total 443,640 moun ki te teste pozitif pou viris la, repatisyon jwografik yo se sa yo:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	2,896	14
Allegany	94	1
Broome	1,410	15

Cattaraugus	239	0
Cayuga	187	2
Chautauqua	507	11
Chemung	247	8
Chenango	245	1
Clinton	152	0
Columbia	577	0
Cortland	119	10
Delaware	128	0
Dutchess	4,984	9
Erie	10,567	64
Essex	151	1
Franklin	61	1
Fulton	316	1
Genesee	307	1
Greene	317	0
Hamilton	14	0
Herkimer	312	0
Jefferson	157	0
Lewis	50	0
Livingston	194	4
Madison	478	2
Monroe	5,712	36
Montgomery	218	1
Nassau	45,633	83
Niagara	1,678	7
NYC	237,558	306
Oneida	2,341	8
Onondaga	4,060	17
Ontario	435	8
Orange	11,611	17
Orleans	321	1
Oswego	362	5
Otsego	312	16
Putnam	1,554	4
Rensselaer	876	6
Rockland	14,530	20
Saratoga	955	12
Schenectady	1,351	8
Schoharie	77	2

Schuyler	32	2
Seneca	104	1
St. Lawrence	304	1
Steuben	326	0
Suffolk	45,615	81
Sullivan	1,549	1
Tioga	219	1
Tompkins	375	6
Ulster	2,215	6
Warren	348	7
Washington	283	8
Wayne	301	0
Westchester	37,486	32
Wyoming	128	1
Yates	62	0

Yè, te gen 2 ka lanmò akòz COVID-19 la nan Eta New York, sa ki mete total la ak 25,384. Repatisyon jewografik la se konsa, dapre konte rezidans:

Ka lanmò yo dapre konte rezidans	
Konte	Nouvo ka lanmò yo
Albany	1
Nassau	1

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)